



Pou Piblikasyon Imedya: 27/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE INISYATIV LIGHTS OUT NEW YORK POU PWOTEJE ZWAZO MIGRATWA YO

Bildin Eta posede pral etenn limyè deyò ki pa esansyèl yo pandan peryòd elve migrasyon zwazo yo

Gouvènè a lanse sitwèb I Love NY Birding pou enfòmasyon sou gade zwazo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke bilding eta yo pral patisipe nan Inisyativ Etenn Limyè Eta New York, rejwenn sosyete Audubon nan chaj pou redwi sous polisyon limyè kap deranje epi dezoryante zwazo yo pandan migrasyon an. Bilding Eta jere epi posede pral etenn limyè deyò ki pa esansyèl yo apati 11:00 p.m. byen bonè pandan moman migrasyon elve zwazo yo de 15 avril jiska 31 me ak 15 out jiska 15 novanm. Gouvènè a te lanse tou nouvo sitwèb I Love NY Birding, sa ki pral bay vizitè yo enfòmasyon sou gade zwazo ak kijan pou patisipe nan inisyativ Etenn Limyè yo, pami lòt zouti yo.

“Sa a se yon etap senp pou ede pwoteje zwazo migratwa sa yo kap fè kay yo nan forè New York, lak ak rivyè,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwen ankouraje nenpòt moun ki enterese nan aprann plis sou zwazo New York yo ansanm avèk migrasyon yo pou vizite nouvo sitwèb I Love NY Birding.”

Anpil espès zwazo ak zwazo chantè yo konte sou konstelasyon pou ede yo navige ale ak soti nan lakou elvaj ete a toupatou nan eta. Limyè deyò ki anplis, espesyalman nan kondisyon meteyo ki grav, ka koze zwazo migratwa sa yo pou yo vin dezoryante, yon fenomèn ki konnen tankou limyè atraksyon fatal. Daprè Depatman Agrikilti Etazini fenomèn sa te kondwi a lanmò yon estimasyon 500 milyon a yon milya zwazo chak ane nan Etazini grasa kolizyon avèk fenèt, mi, pwojektè oswa tè a.

Lè nou adopte pwogram Audubon Society’s Lights, eta ap rejwenn yon kantite enblematik pwopriyete New York ki te mobilize *Audubon Vil New York* tankou Rockefeller Center, Bilding Chrysler ak Time Warner Center pou diminye faktè yo ki kapab kondwi a atraksyon limyè fatal. Nan kad inisyativ sa a, yo pral ankouraje ajans yo nan eta pou mete rido lè posib epi etenn limyè ki pa esansyèl yo pandan tan lannwit.

Anplis, nan kad pi gwo efò eta pou pwomote gwo aktivite anplennè New York ak rann aksè a enfòmasyon rekreyasyon anplennè pi disponib, Gouvènè a te lanse sitwèb I Love New York Birding (<http://www.iloveny.com/birding>), yon resous sou entènèt pou aprann plis sou gade zwazo ak pou dekouvri premye destinasyon zwazo nan tout Eta New York. Siwèb la prezante yon destinasyon zouti rechèch, aktivite zwazo eta, konsèy ak gid pou yon vwayaj zwazo ki gen siksè. Li bay tou resous tankou lis kontwòl obsèvasyon, kontwole syans sitwayen, atlas ak zouti sou entènèt (apps). Vizitè yo nan paj wèb la pral jwenn tou konsèy sou sa ki pou fèt si yo jwenn yon zwazo òfelen blese kijan pou peche responsableman pou fè jaden zwazo aksesib, ak enfòmasyon sou kijan pou patisipe nan Lights Out New York.

Direktè Egzekitif Audubon New York Erin Crotty te deklare, “Audubon konplimante Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan lanse nouvo inisyativ sa yo pou pwoteje zwazo migratwa yo ak montre opòtinite espektakilè pou gade zwazo toupatou nan New York. Migrasyon zwazo se yon nan mèvèy enkalkilab lanati. Avèk migrasyon prentan ki sou wout, angajman Eta pou ‘Lights Out’ se yon etap enpòtan nan ogmante pwoteksyon yo. Sitwèb I Love New York birding se yon zouti enpòtan pou sipòte aktivite ekonomik amatè zwazo yo. Nap rete tann pou n kontinye travay avèk Gouvènè Cuomo ak administrasyon li a pou avanse sa yo ansanm avèk lòt mezi konsèvasyon enpòtan yo.”

“Anpil espès zwazo migre oswa chase lannwit e limyè lannwit la ka afekte negativman konpòtman enstenktif yo,” te deklare Komisyonè Depatman Konsèvasyon Anviwonman Joe Martens. “Inisyativ sa a pral ogmante plis anviwonman natirèl pou zwazo yo epi ede ranfòse dirabilite alontèm pou resous natirèl presye nou yo.”

“Zwazi Migratwa se yon pati enpòtan nan eko-sistèm nou an, e nou kanpe avèk Gouvènè a pou sipòte Inisyativ Eta New York Lights Out,” RoAnn Destito, Komisyonè, Biwo Sèvis Jeneral te deklare. “Nou kontan pou n asire ke yo etènn limyè ki pa esansyèl sou bilding OGS jere yo pandan tan migrasyon elve nan prentan ak otòn nan.”

Lights Out New York pral ranfòse efò kontinyèl eta pou redwi polisyon limyè. New York te deja adopte nouvo lwa règleman Bilding Piblik, pou antre anvigè nan mwa desanm, ki pral limite enstalasyon nouvo limyè deyò yo sou teren eta jere epi mete restriksyon sou klète, ekla ak direksyon aparèy ekleraj eksteryè yo. Inisyativ New York’s Lights Out pral presede enplemantasyon règlemantasyon sa yo epi ede pran aksyon imedyat pou amelyore enèji efikas ak anviwonman lannwit non sèlman pou lafòn men pou sila yo kap jwi bote syèl la lannwit.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418